Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 41-42 (9781) / 24 сентябрь 2018 с. / итни 14 Мух1аррам 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

### 27 сентября – День воспитателя и работников дошкольных учреждений России!

Позвольте выразить вам искреннюю благодарность и признательность за ваш благородный труд.

Пусть ваша жизнь будет наполнена теплотой и любовью родных и близких, уважением воспитанников и их родителей, поддержкой коллег.

Удачи и новых побед!

### 1 октября – Международных день пожилых людей!

Дорогие ветераны войны и труда, уважаемые пенсионеры!

Примите самые искренние поздравления с Международным днем пожилых людей. Для всех нас это особый праздник. В нем – тепло и сердечность, уважение и любовь. Этот праздник – символ единства и преемственности поколений, связи времен.

Крепкого вам здоровья, благополучия, счастья, долгих лет жизни.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов*

### Люди старшего поколения

Уважаемые пенсионеры, представители старшего поколения жителей района.

1 октября мы с вами отмечаем теплый и сердечный праздник – День пожилых людей.

Ваша жизнь – это пример самоотверженности, мужества и нравственности, бескорыстного служения Родине.

Доброго Вам здоровья, мира и благополучия.

*Депутат НС РД М.-п. (К.-п.) Д.Умаханов*

### Дорогое наше старшее поколение!

Первое октября – это ваш День. День пожилых людей. Желаю вам самого главного – здоровья, радостного сияния глаз, не терять молодости души и мечтаний, делиться со следующими поколениями мудростью и опытом.

*Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г.Махачев*

### Х1урматиял районалъул хараби!

Баркула нужеда халкъалдагьоркьосеб харабазул Къо! Гьарула киназего щулияб сахлъи, г1одор риччай ва халатаб г1умру.

*Районалъул харабазул Советалъул председатель М.Г1.Чупалаев*
*Жамг1ияб палаталъул председатель Х1.А.Адимирзаев*
*Рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х.Г1.Мух1амадх1абибов*
*«Цогояб Россия» партиялъул бак1алда бугеб исполкомалъул руководитель С.Г. Алтумирзаев.*

# Терроризмалде данде...

12 сентябралда культураялъул Централда т1обит1ана, жидерго налъи т1убалаго, террористазул квераздасан хварал полициялъул х1алт1ухъаби ва рагъухъаби рак1алде щвезариялъул тадбир.

Гьеб г1уц1ц1ун бук1ана районалъул социалияб рахъалъ г1адамазе хъулухъ гьабулеб Централъ (КЦСОН, директор Ю.И. Мух1аев).



Данделъиялде г1ахьал гьарун рук1ана Дилим росдал лицеялъулгун гимназиялъул ц1алдохъаби. Терроризмаялъул вах1шиял ишазул бицун гьенир к1алъана ОМ ВДялъул балугъльиялде рахинч1ел г1олилазда гьоркьоб х1алт1и гьабиялъул инспектор, полициялъул майор, Мадина Темирбулатова, райадминистрациялъул, балугъльиялде рахинч1ел г1олилазда гьоркьоб х1алт1и гьабиялъул ва гьезул ихтиярал ц1униялъул комиссиялъул жавабияв секретарь М.Ю. Мух1амадов, ДРООялъул «Казбек районалул г1олилал» г1уц1иялъул председатель Ах1мад Иманшапиев, районалъул Централияб библиотекаялъул директорасул заместитель Мух1амадх1абиб Мух1амадх1абибов, гьебго г1уц1иялъул бет1ерай специалист Нурият Салатгереева, ОМВДялъул юрист Гасан Зубайриев.

Гьениб лъималазда бихьизабуна трророризмалъул вах1шичиялъул бицунеб документалияб фильм.

*И.ИДРИСОВ.*

## Новый детский сад в Ленинауле

В селении Ленинаул Казбековского района завершено строительство нового детского сада «Седа», который будет функционировать на условиях частно-государственного партнерства. Для населенного пункта с численностью населения более 10 тыс. человек введение в эксплуатацию нового детского сада событие не просто значимое, а очень важное. В Ленинауле насчитывается 1320 детей в возрасте от 1 до 6 лет, при этом даже с учетом новых мест около 1 тысячи детей остаются неохваченными дошкольным образованием. Такую статистику привел глава Казбековского района Гаджимурад Мусаев на торжественной церемонии открытия этого нового социально-значимого объекта.



**«Проявление заботы о детях – наша первостепенная задача. Хочу поблагодарить инвесторов за инициативу, которую мы всячески поддержали, и будем поддерживать в дальнейшем. Такой вид частно-государственного сотрудничества оказался плодотворным и способствует снятию социальной напряженности в этой сфере в данном населенном пункте»,** — подчеркнул руководитель района.

Начало строительству нового детского садика было положено 1 марта, сего года, когда глава района обсудил все детали строительства со старшим в семье Джамалдиновых — Эльмурадом. Тот поделился желанием сделать полезное для детей и жителей своего родного села – построить детсад, о котором всегда мечтал.

Открытие детского сада стало по-настоящему радостным праздником для жителей села. Поздравить ленинаульцев пришли председатель районного Собрания депутатов Гирисхан Гирисханов, представитель духовенства села Кунта-Хаджи Махмаев, директор Дылымской гимназии имени Махмуда Салимгереева Зульфия Темирбулатова, директор Хасавюртовской гимназии №2 Халид Хайдарбиев и руководители дошкольных образовательных учреждений района.



После традиционной церемонии разрезания ленты, Эльмурад показал руководству района и другим гостям торжества красивое помещение детского сада.

Праздничное настроение создавали выступления воспитанников детского сада «Чебурашка», вокалистов и танцевального коллектива «Даймокх» учащихся Ленинаульской СОШ №1, а также шутки и подвижные игры специально приглашенных аниматоров.

Уже завтра в новый детский сад «Седа» придут 60 ребятишек. А в ноябре руководство района обещает открыть в Ленинауле еще один детский сад на четыре группы, что станет, по словам Гаджимурада Мусаева, еще одним маленьким шагом на пути к социальной стабильности и благополучию в этом селе

*ИНФОРМАГЕНТСТВО.*

*Ишахиса лъим*

# Гьава-бакъалъул рекъей ккани…



Араб щамат къоялъ, 15 сентябралда Ишахи участокалда лъим бачунеб бакIалде гьоболлъухъ щвана Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Мухтарпаша ГIумаханов, жамгIияв гIуцIарухъан Шамиль Темирбулатов, райСобраниялъул депутат Г1усман Салманов, «Цогояб Россия» партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул исполкомалъул руководитель СагIит Алтумирзаев, Гуни росдал жамагIаталъул вакилзаби районалъул рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель - Хункарби М-хIабибов, росдал имам-Шамиль Садыкъов-росдал администрациялда цебе гIуцIараб харабазул Советалъул председатель Хасай Булачов, жамгIиял хIаракатчагIи ХанмухIама ХIайбулаев, Камил Садикъов, Баймирза М-хIабибов,Сайбула Тимиркаев, Сулайман Меджидов, МухIамад Меджидов, Ниязбег ГIисаев, Халил Зубайриев, Арсланбег Арсланханов, Расул Шамсудинов, Зайирбег Нурсамадов,Темирбег Меджидов, Хасай ХIамзатханов ва Камал ГIабдулаев.

Гьел щвана лъим бачиналъе нух гьабулел механизаторазде аскIоре, лъарал бетIералде ва Алмахъалдехунисеб рахъалде,нух щвараб бакIалде.

Загьир гьабуна, къокъаб заманалда гьениб хIалтIухъабаз гьабураб хIалтIиялдаса, жидерго бугеб разилъи. Ахдач лъарал рагIалда,ахIана мавлид, гьабуна вагIза-насихIат ва гьара-рахьи. Жакъа къоялде Алмахъазул ритIучIазул фермаялде щвезе нухалъул хутIун буго 200 метрагIанасеб манзил. Къокъаб заманалда гьебги ахиралде щвезабизе буго.

Ростов шагьаралде,рогIразул(трубабазул) бицен гьабизе сапаралъ ун вуго кIиго чи, Дилим росдал администрациялъул бетIер Ибрагьим МухIамадов ва Буртунаялдаса Магьдиханов Мух1амасидикъ.

-Гьел рогIразул тIоцебесеб партия тIаде щварабго байбихьизе буго лъарал бетIералдасан канал



бухъулаго гьел цоцалъ регьолаго рехехун рачIине.

Гьава – бакъалъул рекъей ккани, ИншаАллагь, октябрь моцIалъул ахиралде Алмахъазул гIорхъоде лъим чвахиялда божи буго,- ян абуна, гьалбадерида, гьеб хIалтIиялъе бетIерлъи гьабула ругел Буртунай росдал администрациялъул бетIер АхIмад Салмановас ва Алмахъ росдал жамагIаталъул вакил Салман Сахрудиновас.

***Информцентр.***

# День единства народов Дагестана




13 сентября в с.Калининаул состоялось праздничное мероприятие, посвященное Дню единства народов Дагестана. Оно было организовано администрацией МР «Казбековский район» совместно с дирекцией Калининаульской СШ.

На мероприятии присутствовали глава Казбековского района Г.Г.Мусаев, первый заместитель министра по национальной политике РД Г.А.Давыдов, главы сельских поселений, руководители трудовых коллективов, организаций и учреждений, их представители и учащиеся школ из с.Дылым, Ленинаул, Калининаул. Также на торжестве присутствовали семьи межнациональных браков.

**«Без единства ни одно общество не может быть сильным и развивающимся. Благодаря единству народа мы выиграли Великую Отечественную войну и восстановили разрушенные хозяйства, дали отпор международным террористам, которые вторглись в Дагестан в 1999 году», -** подчеркнул глава района Г.Г.Мусаев и призвал всех жителей района оставаться всегда едиными.



Также на данном мероприятии с поздравлениями выступили директор Калининаульской СШ З.Корголоева, учительница этой же школы Р.Усманова, руководитель пресслужбы райадминистрации Н.Качалаева и специалист Калининаульской сельской администрации Н.Гаирбиев.

И в заключении за вклад в укрепление дружбы между народами Почетными грамотами администрации района награждены главы администраций п.Дубки (А.Абакаров) и с.Калининаул (Г.Гаджиев), а так же заместитель директора по воспитательной работе Калининаульской СШ З.Хаджиева.

На раздничном мероприятии с концертной программой выступили Л.Имамирзаева, Ш.Ханакаев, З.Амаев, учащиеся Калининаульской СШ и фольклорный ансамбль «Арбабаш».

***Информагентство «Салатавия»***

*Дандерижи*

# КIочон тезе бегьуларо




Цо заман букIана нилъер хIукуматалда тIехь,газета цоцахъе кьун тIара-ахаде щун цIалулеб. Цо бакIалдаги ракIарун радиоялъухъ гIенеккулеб. Гьанжейин абуни бокьараб лъугьа- бахъин, лъазе рес бугеб заманги бачIун гьел цIали жибго тана. Цо-цоязде ракIалде ккезе бегьула газета щиб гьабизе цIалулебилан.

Цо рахъалъан гьелги ритIарал руго,щибго жо лъазе бокьуларев чиясе гьай-гьай газеталъ кьезе жо гьечIо. Цогидаб рахъалъан босани, жидер пикраби гьелдасан загьир гьаризе бокьаралги гIадамал жакъаги гIемерал руго. Нилъеда рихьула «Чапар» газеталда ругел пайдалиял малъа-хъваязул макъалаби. Гьединазул цояблъун ккола, «Чапар»газеталда 37-38 номералда бачIараб Дилим росулъа Батимирза Насрудиновас хъвараб «Можем ли жить как слепые?» абураб макъала.

Гьес макъалаялда рорхулел руго жакъа къоялда нилъее кутакалда х1ажатал суалал,жидер лъицаниги ахирал соназ хал гьабула гьеч1ел. Нечонищ? ХIинкъунищ лъаларо.Лъала тIолалго руцIцIун чIун рукIин.

Батимирза Насрудиновги, гьесул гIумруялде рахараздаги гIемераб жо бихьун букIуна. Гьелъ руго гьединал суалал гьез рорхулел. Нилъеда бихьула,тIекъал ишал гьарулезул къадар къоялдаса къоялде улкаялда цIикIкIун гурони дагьлъулел гьечIеблъи. Дир пикруялда гьеб буго тамахаб бакIалда гIодорчIун ругониги, кIочон тун бук1ин лъималги, хъизанги, тухум-кьибилги, жив вижараб росуги, районги, эбелаб ВатIанги, гьелъул халкъ нилъер букIин,лъикIалълъикIалде,квешалъ-квешалде рачунеблъи.

***ХI. АДИМИРЗАЕВ, ЖамгIияб палатаялъул председатель.***

*Конкурс: «Чапар - 2019»*

# Лъ а з а б и!

К1удияб Ват1анияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон т1убаялъул х1урматалда, «Чапар» газеталъул редакциялъ лъазабулеб буго (ц1алдохъабаздагун ч1ах1иязда гьоркьоб) «Рагъул бах1арзазе -даимаб рецц» абураб темаялда конкурс. Конкурсалде рит1улел сочинениялби, макъалаби, куч1дул ва гь.ц. рук1ине ккола нилъер районалдаса Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1азул х1акъалъулъ бицен гьабулел. Лъик1аб бук1ина гьел макъалаби фронталдаса рач1арал кагътаздалъун ва суратаздалъун бечед гьаруни.

Конкурсалъул х1асилал гьаризе руго 2019 соналъул 15-20 апрелалда. Макъалаялда яги сочинениялда гъоркь рук1ине ккола авторасул мух1канго хъварал-фамилия, ц1ар, х1алт1у-леб, ц1алулеб, яшав гьабун ругел бак1ал ва телефоналъул номер.

2019 соналъул 1-аб. апрелалдаса хадур редакциялде рач1арал макъалаби конкурсалде къабул гьаруларо. Конкурсалда бергьаразе кьезе руго Х1урматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.

Нижер адрес: Казбек район, Дилим росу, «Чапар» газеталъул редакция. Эл.почта: redakciya-chapar@ mail.ru.

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

## 27 сентябрь – Тарбиячаг1азул Къо

# Лъималазул ада йиго Умайнат



Лъималазе тарбия кьеялдаса зах1матаб х1алт1и гьеч1илан абулаан умумуз. Щай гурелъул, лъимал рук1уна цоял семи рекъарал, цогидал рецц-бакъ бокьулел. Гьединлъидал, лъималазда сверухъ х1алт1и гьабулезе х1ажалъула сабру, г1одоре риччай. Сабруялда данд1варал зах1малъабиги къезарулаго, к1икъоялда анц1ила к1иго сонилаб тарих нахъа тана Дилим росдал №3 «Къункъра» лъималазул ахалъул тарбияч1ужу Шахбанова Умайнат Мух1амадовналъ. Гьелъул г1умруялъул аслияб мурад ккола г1олеб г1елалъе лъик1аб тарбия кьей, гьел г1умруялде х1адур гьари.

Росдал школалда микьго классги лъуг1изабун, гьей ц1ализе ана Буйнахъск шагьаралъул руччабазул педучилищеялде. 1966 соналъ, т1ок1лъигун гьебги лъуг1изабун, т1адюссана г1агараб росулъе ва къоло щуго соналъ муг1алимлъи гьабуна байбихьул классазул ц1алдохъабазе. Заочно лъуг1изабуна Дагъистаналъул педагогическияб институт. Хадусан т1аса бищана цогидаб х1алт1и.

1990 сонаалдаса жакъа къоялде щвезег1ан гьелъ тарбия кьолеб буго Дилим росдал №3 «Къункъра» лъималазул ахалъул гьит1ичазе. Умайнат гьезие йиго х1еренай адаги лъик1ай насих1атч1ужуги. Ч1ужуг1аданалъе бигьаяб жо бук1унаро х1алт1иги маг1ишатги цадахъ бачине, жиндирго лъималги лъик1ал гьарурал. Гьеб гуребги, гьел г1адлу-низамалда ч1езаризе, мальараб босулеллъун, бицараб бич1ч1унеллъун куцазе. Кумекалъе х1алае вук1унаан Умайнатил г1умрудул гьудул, мунагьал чураяв, Мух1амадкамил. Гьез, лъик1аб тарбияги кьун, г1умрудул нухде рачана жидерго лъимал. **Ах1мад** - тарихиял г1елмабазул кандидат-профессор, **Хайрудин** – предприниматель, **Мадина** – социалиял г1елмабазул доктор, г1елмияй х1алт1ухъан, **Эльбика** – тохтур-фельдшер, **Мадрисат** – тарбияч1ужу.

Умайнатица, куцан, къват1ире арал ц1алдохъабазулги рахъана г1елмиял х1алт1ухъаби, муг1алимзаби, тохтурзаби, юристал, бат1и-бат1иял махщелчаг1и. Гьелъ киданиги абуларо цогидазул рак1 лъукъулеб раг1и, киданиги т1алаб гьабич1о жиндиего рецц, лъугьинч1о ц1аразда хадуй. Гьединайлъун лъала Умайнат х1алт1ицадахъазда.

Г1умрудулъ талих1лъун дуца щиб рик1к1унебан дица ц1ехедал, Умайнатица абуна: «Муг1алимлъун х1алт1араб 52 сон дир талих1аблъун бук1ана. Талих1 гурищ гьимулел лъималазул гьурмал, гьезул рохарал гьаркьал, кенч1олел берал, нильеде бугеб божи, данде рекерун, нильеда къочи. Гьеле инсанасул талих1ан». Зах1матаб, амма г1адамазул баркалаги Аллагьасул рахъалдасан кириги г1емераб х1алт1и буго инсан куцай. Гьелъие х1ажалъула к1удияб махщел. Гьев вук1ине ккола лъималазеги гьезул умумузеги насих1атчилъун, жив жанисан вихьулеб мат1улъун.

Умайнат Мух1амадовналъе бокьула творчество. Гьелъ къват1ире риччана лъималазе хъварал маргьабазул, куч1дузул, харбазул методикиял т1ахьал. Гьел х1алт1изарулел руго Республикаялъул роцадаги.

Бащдаб г1асруялъ, к1вах1 гьеч1ого, лъималазе тарбия кьеялда т1ад Умайнатица рак1бац1ц1адго гьабураб х1алт1и г1адада хвеч1о. Гьей ккола «Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул отличник», т1адег1анаб категориялъул воспитатель-муг1алим, г1емерал Х1урматалъулал грамотабазул, Баркалаялъул кагътазул, сайгъатазул кавалер. Бищунго гьелъие къиматаб шапакъатлъун буго, жинца къват1ире риччарал лъималаз, гьезул умумуз кьолеб баркала ва гьабулеб х1урмат.

*Х1.КАРИМОВА.*

---

## Расул Идрисовас – 90 сон

**Инсан ва г1умру**

# Нахъа тана...



Жамг1ияв х1аракатчи, зах1маталъул ветеран, пачалихъияв г1уц1арухъан Идрисов Расул Идрисович гьавуна 1928 соналъ Дилим росулъ г1адатияб хъизаналда.

1942 соналъ 8 класс ва хадуб Хасавюрталъул педучилищеги лъуг1изабун, Расулица байбихьана зах1маталъул г1умруялде.

1942-1948 соназ гьев х1алт1ана районалъул ракъул отделалъул (райЗО) инструктор - бухгалтерлъун. 1948- 1951 соназ РК ВКП(б)-ялъул инструкторлъун, росдал маг1ишаталъул отделалъул заведующийлъун, лъуг1изабуна Обком КПССалъул цинги ЦК КПССалъул т1адег1анал партшколаби. Х1алт1ана РК ВКП(б)-ялъул секретарьлъун, РТСалъул директорлъун, РК КПССалъул II секретарьлъун, райисполкомалъул председательлъун, хадусел соназ-Обком КПССалъул инструкторлъун, партконтролалъул председательлъун. Кинаб х1алт1уде т1амуниги Расулица гьеб мух1канго, рак1бац1ц1адго т1убазабуна. Г1емерал соназ гьев вук1ана райком партиялъул бюроялъул членлъун ва райсоветалъул депутатлъун.

Гьес Ват1аналъе ва халкъалъе гьабураб хъулухъ к1одо гьабуна к1иго «Х1урматалъул г1аламат» орденалдалъун, г1емерал медалаздалъун, Дагъистан Ресупубликаялъул Верховнияб Советалъул Президиумалъул Х1урматалъул грамотабаздалъун, цогидал къиматал шапакъатаздалъунги. Районалъул ва Республикаялъул тарихалда чIахIа хат1алъ хъвана Расул Идрисовичас жиндирго ц1ар, гьес нахъа тана гьайбатаб г1умрудул нух. Гьев вук1ана г1олилазул насих1атчилъунги, т1абиг1ат ц1униялъул рахъалъ Республикаялъул премиялъул лауреатлъунги, изну гьеч1ого яргьид г1уц1аразде данде гьабулеб рагъул г1ахьалчилъунги. Т1адег1анаб къиматалъе мустах1икъал руго Расулил басмаялде рахъарал «К1иго миллаталъул вас», «Салатавия - дир ч1ух1и» абурал асарал.

Гьев вук1ана, ч1ах1иязулги г1исиназулги раг1и данде ккезабизе лъалев, гьезул мурадал т1уразе кидаго заман ва рес батулев, унго-унгояв х1аракатчилъун.

Гьал къоязда т1убалаан бук1араб Расул Идрисович гьавуралдаса 90 сон. 2010 соналъ гьев лъик1ав инсан нильедаса ват1алъана. Нахъа тана цогидазе мисаллъун кколеб г1умрудул нух.

*С.Султанмух1амадова.*

---

*(Цебесеб - 34,- 40 номеразда)*

**Пат1а Айтемирова**

# Къисматалъул кьерал

*(КЪИСА)*

Т1асияб т1ала жеги киналго къач1а-к1ат1аялъул х1алт1аби лъуг1ун гьеч1ониги, бак1а - бахарун бук1ана. Канлъиги бакун, Марьям к1удияб рукъое жание лъугьана. Киса - кирего къадал ракьанда, г1одор т1ирит1ун рук1ана къвак1араб кагътида рахъарал суратал. Гьенирго сок1к1ун рук1ана альбомалъул г1исинал т1анчазда рахъаралги. Ящикалъул кардоналда рахъаралцин г1емерал суратазул ц1ун бук1ана рукъ. Лъеда ва нахалда рилъарал рельабаз рахъарал гьезухъ хаган ялагьун хут1ана дун. Гьенир рук1ана г1адамазул, т1угьдузул, т1абиг1аталъул, бат1и-бат1иял суратал. Махщалида рахъарал гьезул рук1ана г1аламатал кьерал. Киналго суратал байбихьулаан гвангъарал кьераздалъун ва дагь-дагьккун ссунги ун, бец1ал ч1ег1ерал кьераздалъун лъуг1унаан. Рохьил сухъмахъалъул цебесеб кьерда бук1ана г1урччинаб хер, кьер-кьерал т1угьдул ва баг1араб г1исинпихъ. Жанибег1ан ана-г1ан гъут1би бец1лъулел рук1ана, хер бакъвалеб бук1ана, т1угьдулин абуни, рук1инего рук1инч1о. Ахиралда, сухъмахъ лъуг1унеб бук1ана лах1ч1ег1ераб бец1лъиялда. Гьединго, т1улакьераб лъугьунеб бук1ана хъахъ1илаб зоб, ч1ег1ерлъулеб бук1ана хъахъ1аб нак1к1, гордалги рагьараб, гвангъараб рукъ бец1лъулеб бук1ана. Бакъцин т1огьилалдаса сверун бук1ана ч1ег1ерабгун бец1аб кьералде. Дица х1аракат бахъулеб бук1ана гьел кьерал хисулеб бак1 батизе, гвангъарал кьерал бец1алде сверулеб къаг1ида лъазе. Гьеб киналъго дие гьабулеб бук1ана к1удияб асар.

- Гьал дуца рахъаралищ? Кир рук1арал рельенал, кагъат?

- Мусаца гьикъана щиб гьанибе босизе бокьилебин. Дица кагъатгун рельеналин абидал, жиндаго лъач1ого, гьес росун ругоан лъик1ал рельенал ва кагъат. Гьалеха дицаги рахъана...

- Гьал кьерал, гьаб щиб кколеб?

- Дида лъаларо гьеб кин кколебали. Дица г1емер пикраби гьарула дирго г1умруялъул ва суратазда гьеб гьедин лъугьуна. Кинабго бук1араб лъик1, гьанжейин абуни...Щиб дир ккезе бугеб? Лъималазда х1инкъун йиго.- Марьямил бераздасан маг1у чвахизе лъугьана.

- Кинабго лъик1 бук1ина, радал нилъ гьаниса нахъе рилълъина.

- Кире? Дир ине бак1 гьеч1о.

- Нилъеца ине бак1балагьила.

- Ц1ех-рех, хадур ч1ейи, суд-суравал.

- Кинаб суд? Дуца гьабураб жо бугищ?

-Гьеч1о, амма дида лъала ниж г1адал хъизабаздаса умумузул ва вацазул рец1ел босулеб куц.

- Рец1ел бук1ине гьеч1о. - Дун циндаго кант1ана дунго ккараб бак1алде ва щиб хъизаналдаса ч1ужугун к1алъалей йигеяли. Рек1елъе х1инкъи рещт1ана, хехго рогьунебанийин ккана, гьалги рачун, гьаб бак1алдаса нахъе ине. Гьеб бич1ч1араб г1адин, Марьямица абуна:

- Цоцазда хадур лъималги гьарун, рукъой йик1ин гурони, дун къват1иецин яхъинч1о. Щал гьелда божизе ругел, киналго сверухъ рук1арал хвана. Арсенил рукъцин нахъе теч1о, кьвагьизабуна. Дида телевизоралдасан бихьана гьеб. Лъимал хвасар гьаризе к1вани, г1елаан.

- Хвасар гьарила лъималги мунги. - Дирго рак1ин абуни, соролеб бук1ана. Дида цебе ч1ана гьаб хъизаналда нахъеги бихьизе бугеб къо. Гьединал хъизабазулгун гьабулеб х1алт1и дида цебесан щибаб къоялъ унеб бук1ана.

- Гьанже бице гьаб рукъой мунго хут1араб куц.

- Мусаца абуна вацасул рукъ бугин гьабин. Арсенил аманат т1убазабун гьес гьанире рач1ана киналго ниг1матал ва къвариг1арабщинаб. Гьес абуна жив, вац яги жидер ц1аралдасан щвиниги вач1инег1ан киениги яхъунгейин. Щвиниги гьанивеги вач1инч1о, дунги гьаний хут1ана. Дир рак1алда бук1ана метерго гьаниса къват1ие яхъине, лъимал ракъун рук1ана. Кие инеяли дида лъалеб бук1инч1о, шагьаралда дида щвиниги лъаларо, росулъе нух бахъизеги бажаруларо. Г1агарал чаг1и дида к1алъалинцин дида кколаро.- Синкъиялда г1одулей Марьямил х1алакъал рукьал турк1ун рач1унел рук1ана ва гьелъул кверaз к1век1улеб бук1ана к1азил раг1ал.

«Щиб гьай къого сонал барай ясалда лъалеб, жеги шагьаралдеги щвеч1ей, росу гурони бат1ияб бак1ги бихьич1ей, г1умруялъул х1албихьиги гьеч1ей, г1адамалги рихьич1ей, щиб гьалъ гьабилеб бук1араб?» - гьел пикраби гьарулей дун г1одобе биччалеб гьуриялъул ва ц1адал гьаркьихъе кьижун ккана.

8

Радал дун йорч1ана лъималазул к1алъаялъухъе. Диваналдаги г1одор ч1ун, эбелалда къвалги бан, щибали бицунел ругоан гьит1ичал. Гордухъан ч1валеб бакал рукъ гвангъизе гьабун бук1ана.

- Марьям, нилъ гьабсаг1ат къват1ире рахъине руго, рак1аре лъимал.

-Ункъачо, дуца нижее цоги нухалъ квен кьезе бугищ? - Гьит1инав васасул гьаракьалъ йигьине гьаюна дун.

- Вай, гьабсаг1ат, киб г1агарда тукен бугеб?

- Дида лъаларо, рихьун рук1ана чед босун рач1унел.

Лъабго рукъалъ добег1ан бугеб тукада г1емер бат1ияб къайи бук1инч1о. Дие г1емераб къвариг1унги бук1инч1о. Чед, х1ан, нах, ханал, т1орахь, дагьалго конфеталги росун, «къаде гьел бат1ияб бак1алда кванaзе руго»-ян пикрабазда т1адюссуней дун х1инкъун йик1ана гьеб рукъ батиларебин, кинабго гьалдалъун лъуг1инебин. Рукъги батана, лъималги кванaзаруна, нуц1би - гордалги къан, ниж рокъоса къват1ире рахъана. Къаси бараб гучаб ц1адалъ чурун бац1ц1ун бук1ана къват1. Хинал бакъул ч1ораз х1ухьел бахъун ракъвазарулел рук1ана ц1адал лъалк1ал.

- Дур суратал гьанир тезе дие бокьун гьеч1о. Кинха гьел росилел, такси ах1изе я адрес лъаларо, я телефон гьеч1о. Те, нилъ гьезда хадур т1ад руссина. - Лъималги кодор ккун, тартибго гьеч1ого, рарал минабазда аск1осан цо гьит1инабго лъел рахъалда т1асанги рахун, нижеца машинабазул хъуй бугеб рахъалдехун ана. Нижго араб бак1ги рахъалда кколаго, кват1ичого ниж шагьранухаре раккана. Дие лъазе бокьун бук1ана ниж лъелрахъалда т1асан бугеб кьоялдаса рик1к1адег1ан ругодаян. Г1емер рик1к1ад гьеч1ого кьоги бихьун, дица унеб таксиялъе квер борхана. Гьебсаг1ат дир бер ч1вана кьода аск1об бугеб г1адамазул руккелалда. Сонго ч1аралъуб бугеб машиналда т1ад йичарулей ч1ужу, гьанире - доре кверaлги хьваг1улаго, аск1ов ч1арав полициялъуласе цо жо бицуней йик1ана. Хадур дида лъана дирго васал, нусал, Марина, васасул яс, таксист, васасул мадугьал ва цоги дир г1агарлъиялъул чангоял. Дун гьезде ах1улаго, аск1ое екерулей йик1ана, амма шагьаралъул хъуялъ щибго раг1ине толеб бук1инч1о. Гьанже таксист вук1ана полициялъуласе цо жо бицунев ва гьес бицунеб тасдикъ гьабун, йичарухъаналъги бет1ер хьваг1улеб бук1ана. Т1оцее дидехун юссана васасул яс. Эркенго гьабулаго, гьей диде данде екерана.

*(Хадусеб бук1ине буго).*

# Вольная борьба




14-15 сентября 2018 года в с.Ленинаул состоялся Республиканский турнир по вольной борьбе среди юношей памяти Чемпиона Дагестана Халида Ибиева.

На турнире участвовало 245 спортсмена из 12 районов и городов Дагестана, борцы из Республик Чечня и Ингушетия и г.Астрахани. Турнир проходил под девизом «Молодежь Казбековского района против терроризма и экстремизма» и приурочен к акции «Год культуры безопасности МЧС России 2018».

На открытие турнира всех участников и гостей поздравил начальник отдела ГО ЧС МР «Казбековский район» Ибрагим Магомедов, так же первый тренер Халида Ибиева, Исхак Бичиев и Рамазан Ибиев.

Схватки проходили на двух коврах. Главным судьей турнира был Ибрагим Таймасханов.

Результаты турнира:

**Среди юношей 2007-2008 г.р.**

Вес - 24 кг. II-место Болоцилаев Бадрудин с.Дылым
Вес -26кг. III- место Джамиев Ахмед с.Дылым
Вес – 30кг. III-место Сулейманов Яхя с.Ленинаул.
Вес – 32кг. I-место Абакаров Тагир с.Дылым
III-место Гебеков Рауф с.Ленинаул
Вес - 35 кг. III место Ибрагимов Шамиль с. Дылым
III место Чокиев Али с. Ленинаул.

**Среди юношей 2005-2006 г.г. р.**

Вес - 42 кг. Закаев Асвад с. Ленинаул
Вес - 44 кг. Белиев Ислам с. Ленинаул

Чемпионам и призерам от администрации МР «Казбековский район» и оргкомитета турнира были вручены кубки, денежные премии, грамоты и медали.

*Начальник отдела ФК и спорта И. А. БУЛАТХАНОВ.*

## Бихьугеги нилъер наслабазда

Калининаулалдаса Камучов Камилица бицана:

« Эгзазул цоявгун кини, рукъоб к1улакьги тун, цогидавгун киниги баччун, эбелалъ дунги цадахъ вачун унаан колхозалъул хурзабахъе Билаvalues Биларгъиналде, Ях1иял ицухъе, ялъуни Салаюрталде. Хурире щведал, дун гьеб кинаялда аск1овги тун, гьей унаан нахъюссун рукъое, к1улакь тараб доб цояб киниги баччун, яч1унаан хурие. Къойие бихьизабураб х1алт1ул норма т1убазабич1огун рокъореги риччалароан. Гьабураб х1алт1ухъ г1арац бук1унароан, гъин-къо абун х1алт1ул къоязда рекъон кьолаан т1ощел, ц1оросаролъ, ролъ. Гьеб т1ощел хасалихъе кьолеб мехалъги, ч1епал жидеего ккун къасиго эхетулаан гьенир г1адамал. Ч1еп сверун карт1ал рук1ана ц1оросаролъ бикьулаго рагьулел, гьел жиде-жидее ккун ч1олаан г1адамал. Гьедин кьезе бихьизабураб т1ощел босиги бигьаяб жо бук1инч1о…Росдал г1адамазе паспортал кьолароан, паспортал щвани гьел росу тун шагьаразде инелилан. Хрущевасул заманалдаги цо г1акаги щуго г1иялъежоги гурони хьихьизе толароан». Гьебги бук1ана т1убараб х1алхьи гьеч1еб заман.

Аллагьас бихьугеги гьеб нилъер наслабазда.

***Салих1 Салих1ов, Гъизилюрт шагьар.***

## Жеги жаваб бач1инч1о

Хасавюрт шагьаралда къват1ибе биччалеб «Нейсо» газеталда бахъараб М. Чупалаевасул «Отзовитесь о Амирове 3. из Чечни»- абураб макъала бахъараб газета дица бит1ана Петрозаводскиялде ва Новгород Областалъе нухмалъулезухъе гьев рагъухъанасул хобалъул сурат бит1еян.

Гьединго, газета бит1ана Чачан республикаялъул ветерназул Советалде гьезул музеялда лъезе.

Жеги жаваб бач1инч1о.

*Б. ХАЛИЛУЛАЕВ, Хасавюрт.*

*«Чапар-2018»*

*Бит1изаби*

# Киб чан хъвараб?

**Гьаб соналъул II-бащдаб лъаг1алие «Чапар» газета хъван буго:**

| п/п № | Учреждениязул ц1арал | Х1алт1ухъа базул къадар | Газета хъван буго | % (процент) |
|---|---|---|---|---|
| | **Школазда:** | | | |
| **1.** | Г1аркьухъ | 31 | 7 | 22,6 |
| **2.** | Гъозтала | 25 | 21 | 84,0 |
| **3.** | Дилим лицей | 127 | 20 | 1,6 |
| **4.** | Дилим гимназия | 123 | ? | ? |
| **5.** | Ленинаул №1 | 115 | 15 | 13,4 |
| **6.** | Ленинаул №2 | 112 | 50 | 44,6 |
| **7.** | Калининаул (КСОШ) | 151 | 46 | 43,0 |
| **8.** | Калининаул (КНОШ) | 34 | 5 | 14,7 |
| **9.** | Буртунай (БСОШ) | 68 | 30 | 44,1 |
| **10.** | Алмахъ (СШ) | 55 | 10 | 18,1 |
| **11.** | Гертма (ГОСШ) | 52 | 52 | 100 |
| **12.** | Гуни (ГКМ) | 70 | 25 | 3,6 |
| **13.** | Хубар (ХСОШ) | 51 | 35 | 68- |
| **14.** | Инчха (ИСОШ) | 72 | 35 | 4,8 |
| **15.** | Дубки (ДСОШ) | 96 | 0 | 0 |
| | **Т1олго:** | **983** | **299** | **30,4 %** |
| | **Ясли-ахазда:** | | | |
| **1.** | Алмахъ «Колобок» | 28 | 7 | 25,0 |
| **2.** | Буртунай «Буратино» | 24 | 20 | 83,8 |
| **3.** | Гуни «Улыбка» | 40 | 20 | 50,0 |
| **4.** | Гертма «Лачен» | 22 | 15 | 68,1% |
| **5.** | Дылым «Сказка» | 77 | 12 | 1,6 |
| **6.** | Дылым «Светлячок» | 40 | 10 | 25,0 |
| **7.** | Дылым «Журавушка» | 70 | 10 | 14,2 |
| **8.** | Дубки «Ромашка» | 44 | - | - |
| **9.** | Дубки «Солнышко» | 30 | - | - |
| **10.** | Инчха «Солнышко» | 45 | 13 | 28,8 |
| **11.** | Ленинаул «Чебурашка» | 82 | 30 | 36,6 |
| **12.** | Калининаул «Колокольчик» | 45 | 25 | 56,0 |
| **13.** | Хубар «Ласточка» | 30 | 20 | 66,6 |
| **14.** | Дубки «ДШИ» | 19 | 15 | 78,9 |
| **15.** | Дылым (РДШИ) | 27 | 2 | 7,1 |
| **16.** | Дылым (ДЮСШ) | 58 | 15 | 25,8 |
| | **Т1олго:** | **681** | **214** | **31,4%** |

Гьаб соналъул 10 сентябралда къватIибе биччараб «Чапар» газеталъул 37номералда почалъул отделениялъул хIалтIухъанасда нижеца кьураб суал бичIчун гутIиялдалъун «Киб чан хъвараб?»,-абураб макъалаялда Гертма росдал школалъул ва ясли-ахалъул коллективаз хъварал газетазул къадар рехсечIого тун букIана.

Гьанже мухIканлъана гьаб соналъул 2-абилеб бащдаб лъагIалие школалъул мугIалимзабаз-52, ясли-ахалъул хIалтIухъабаз-15 «Чапар газета хъван букIараблъи.

Гьединлъидал хасаб комиссиялъ гьел хIасилазул цIидасан халги гьабун хIукму гьабуна:

ТIоцебесеб бакIалъе мустахIикъаблъун рикIкIине I00% хIалтIухъабаз газета хъвараб Гертма росдал гIаммаб лъайкьеялъул гьоркьохъеб школалъул коллектив.

КIиабилеб бакIалъе Гъостала росдал школалъул коллектив (84%) ва лъабабилеб бакIалъе Хубар росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалимзабазул коллектив (68%).

Ясли-ахазда гьоркьоб: Буртунай росдал «Буратино» -84%, кIиабилеб бакIалъе Гертма росдал «Лачен»- 68,1%, лъабабилеб бакI –Хубар росдал «Ласточка»-66,6%.


## Объявления

Продается завершенный жилой дом в Салавюрте, возле трассы Дылым-Хасавюрт со всеми удобствами. Размеры дома 19х9,5 м.

Телефон для справок:

**8-988-653-55-05**

- - -

Продается двухэтажный жилой дом с подвалом в Салавюрте, первая улица. Имеется огород, колодец.

Цена договорная.

Телефон для справок:

**8-988-653-55-05**



*Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият Султанмухlамадова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №128 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*